# deeleen dégg tey topp, li leen war ñoom mooy la ñu leen gàdduloo, yéen it li leen war mooy li ñu leen gàdduloo

Jële nañu ci Waa-il Al-Hadramii mu wax ne: Salamata ibn Yasiid Al-Juhfii yal na ko Yàlla dollee gërëm laaj na Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: Yaw Yonnente Yàlla bi, xibaar ma bu nu ay njiit jiitee di nu laaj seen àq, di nu xañ sunuy àq, ana lan nga nuy digal? Mu dummooyu ko, topp mu laajaat ko, mu dummooyu ko, mu laaj ko ci ñaareel bi walla ñatteel bi, Al-Ashas ibn Xays xëcc ko, mu ne ko: "deeleen dégg tey topp, li leen war ñoom mooy la ñu leen gàdduloo, yéen it li leen war mooy li ñu leen gàdduloo".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Laaj nañu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc njitt yi nga xam ne dañuy sàkku seen àq ci nit ñi, ci déggal ak topp, tey xañe àq ji leen war ñoom; ci màndu, ak joxe koom mi, ak delloo tooñaange yi ak yamale, ana lan nga nuy digal nu def ko ak ñoom? Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dummooyu ko; mu mel ni dafa sib laaj bi, waaye aji-laaj ji delloo ko laaj bi ñaari yoon ak ñatti yoon, Al-Ashas ibn Xays yal na ko Yàlla dollee gërëm xëcc ko ngir noppiloo ko. Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tontu ko, ne ko: nangeen dégg seen i wax, tey topp seen i ndigal; ñoom li leen war mooy la nu leen gàdduloo waral ko ci ñoom cig maanute ai joxe àqi càmm gi, li leen war yéen mooy li ñu leen gàdduloo ci topp ak joxe àq yi ci muñ kaawteef yi.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee